

**PWOGRAM ANKOURAJMAN LOJMAN MENDÈV (WHIP)**  
**KESYON MOUN POZE SOUVAN (FAQ) – POU OKIPAN/LOKATÈ**

### **KISA WHIP YE?**

WHIP vle di Workforce Housing Incentive Program (Pwogram Ankourajman Lojman Mendèv) WHIP se yon pwogram pilòt sibvansyon ke Lojman Piblik ak Devlopman Kominotè Konte Miami-Dade (PHCD) administre. WHIP fèt pou mèt kay Iwaye ak pwopriyetè apatman ki gen pwopriyete nan Konte Miami-Dade ki konvèti pri mache lojman ki egziste deja an pri lojman abòdab ak pri lojman mendèv pou fanmi ki gen revni fèb ak mwayen ki touche jiska 140 poustan Revni Medyan Zòn (AMI). - *gade tablo ki anba a*

WHIP fèt pou kòlte ak kriz abòdabilite lojman Konte Miami-dade la nan pwoteje ak ogmante lojman abòdab ak lojman mendèv ki egziste deja ki disponib. Pou w patisipe nan pwogram nan, mèt kay ou a dwe pran angajman alekri pou kenbe Iwaye a yon pri abòdab epi kenbe inite ki elijib yo nan yon kondisyon ki abitab pou yon minimòm twa ane dapre estanda ke Kòporasyon Finans Florid ("FHFC"), Etazini. Depatman Lojman ak Devlopman Iben ("HUD"), ak Konte Miami-Dade etabli – gade tablo ki anba a. An retou, mèt kay yo va resevwa yon sibvansyon anyèl \$2,000 pou yon total \$6,000.00 sou peryòd twa ane a.

### **ÈSKE OKIPAN/LOKATÈ KA APLIKE POU WHIP?**

Non. Lokatè pa elijib pou aplike pou WHIP. WHIP va sèlman aksepte aplikasyon mèt kay Iwaye ak pwopriyetè apatman ki gen pwopriyete nan Konte Miami-Dade.

### **ALÒ, KIJAN WHIP VA YON AVANTAJ POU MWEN KÒM YON LOKATÈ?**

Antanke yon lokatè, ou va benefisyé de Iwaye ki stabilize pou omwen twa ane (sa vle di mèt kay ou a dwe kenbe inite w la abòdab selon revni fanmi ou ak gwosè inite w la pandan peryòd sibvansyon an). Lokatè yo va benefisyé tou de enspeksyon kalite lojman anyèl PHCD fè pou asire ke inite w la nan yon kondisyon ki abitab pandan peryòd sibvansyon twa ane a

### **ÈSKE LWAYE MWEN PRAL OGMANTE?**

WHIP pa gen entansyon deplase oswa ogmante pri Iwaye sou lokatè ki la deja. Si PHCD detèmine ke yon aplikan deplase oswa ogmante pri Iwaye yon lokatè ki la deja yon fason ki pa apwopriye san yon avi jis (jan Òdonans Nimewo 22-30 defini), PHCD rezève dwa pou li rejte aplikasyon an, mete fen nan akò sibvansyon WHIP la, anile, oswa diminye.fon li akòde yo, epi rekiperenepòt avantaj pwogram yo peye aplikan an oswa sou non aplikan an.

### **KIJAN POU MWEN KONNEN SI YO KONSIDERE PRI LWAYE MWEN "ABODAB"?**

Pri Iwaye ak pri devant yo baze sou estanda abòdabilite ke FHFC, HUD, ak Konte Miami-Dade etabli chak ane. Limit pri Iwaye yo detèmine apati yon kombinezon gwosè fanmi, revni fanmi, ak kantite chanm akouche nan inite lojman an – *gade tablo ki anba a*.

### **Revni 2023 ak Limit Lwaye**

Pousantaj Kategori	Limit Revni dapre Kantite Moun ki nan Kay la								Limit Iwaye dapre kantite chann a kouche nan inite					
	1	2	3	4	5	6	7	8	0	1	2	3	4	5
30%	21,700	24,800	27,900	30,950	35,140	40,280	45,420	50,560	542	581	697	826	1,007	1,199
50%	36,150	41,300	46,450	51,600	55,750	59,900	64,000	68,150	903	968	1,161	1,341	1,497	1,651
80%	57,800	66,050	74,300	82,550	89,200	95,800	102,400	109,000	1,445	1,548	1,857	2,146	2,395	2,642
110%	79,464	90,816	102,168	113,520	122,602	131,683	140,765	149,846	1,987	2,270	2,554	2,838	3,065	3,292
120%	86,760	99,120	111,480	123,840	133,800	143,760	153,600	163,560	2,169	2,323	2,787	3,220	3,594	3,964
140%	101,220	115,640	130,060	144,480	156,100	167,720	179,200	190,820	2,530	2,710	3,251	3,757	4,193	4,625

## **KILÈ YO VA AKSEpte APLIKASYON?**

Pwosesis aplikasyon an ap kòmanse a 12:00 am nan dat 17 mas 2023. Yo va aksepte aplikasyon yo jiska 7 septanm 2023, oswa lè yo prevwa fon pwogram lan ap fin, kèlkeswa sa ki rive an premye a.

## **KI DOKIMAN YO MANDE POU OKIPAN/LOKATÈ YO BAY?**

Yon fwa aplikasyon WHIP mèt kay ou a fin trete epi apwouye, yo ap mande lokatè yo soumèt dokiman annapre yo bay mèt bay la:

- Prèv revni aktyèl tout lokatè nan kay la (dènye souch chèk peman, lèt revokasyon, reklamasyon chomaj, deklarasyon kontribisyón, elatriye)
- Identifikasiyon pou tout lokatè nan kay la (pa egzanp, lisans chofè, paspò, bòdwo sèvis piblik, batistè, fakti kat kredi, relve labank, elatriye. Dosye enskripsyon lekòl yo akseptab pou minè).

## **KIJAN POU MWEN KONNEN SI MÈT KAY MWEN AN AP PATISIPE NAN WHIP**

Anba WHIP, mèt kay ou a oblige enfòme w alekri ke li ap patisipe nan pwogram nan.

## **KIJAN MÈT KAY MWEN AN KA APLIKE?**

Apati dat yo prevwa pou kòmanse 17 mas 2023, aplikasyon yo ap disponib sou entènèt nan:

<https://www.miamidade.gov/global/housing/home.page>. Si mèt kay ou a pa ka jwenn aksè pou li aplike sou entènèt, aplikasyon sou papye yo ap disponib nan kat (4) lokal:

**Nò:** Miami Gardens Apartment, 2170 NW 183<sup>rd</sup> Street, Miami, FL 33056

**Santral:** Lojman Piblik ak Developman Kominotè, OTV North, 701 NW 1<sup>st</sup> Court, 14<sup>th</sup> Floor, Miami, FL 33136

**Lwès:** Lakeside Towers, 7555 SW 152<sup>nd</sup> Avenue, Miami, FL 33193

**Sid:** Leisure Villas, 28701 SW 153<sup>rd</sup> Avenue, Homestead, FL 33033

Apati dat yo prevwa pou kòmanse 17 mas 2023, aplikan yo ka pase pran epi depoze aplikasyon yo soti 9:00 am rive 5:00 pm, lendi jiska vandredi, eksepte jou ferye. Soumèt aplikasyon papye se a pwòp risk aplikan an paske gen yon pi gwo posibilité pou erè ak diskalifikasyon. LI VRÉMAN REKÒMANDE POU APLIKAN YO RANPLI E AK SOUMÈT APLIKASYON AN SOU ENTÈNÈT.

## **ÈSKE MWEN KA PALE AVÈK YON MOUN SI MWEN GEN PLIS KESYON SOU PWOGGRAM LAN?**

Wi. Ou ka kontakte sant dapèl WHIP a nan (305) 784-1000 ant 8:00 am e 5:00 pm apati 17 mas 2023, eksepte jou ferye. Ou ka voye imel tou pou nenpòt kesyon nan [WHIP@miamidade.gov](mailto:WHIP@miamidade.gov).